# Первомайск росдал гьоркьохъеб гIаммаб лъайкьеялъул школаялъул учительница АБДУЛМУСЛИМОВА К. М-Р. дандгьабураб презентация



# ФАЗУ ГІАЛИЕВА: ГІУМРУ ВА ТВОРЧЕСТВО.

Хасалил цІоророраб декабралъ гьаюниги дур цІарги дур кучІдулги цІалдолезе кидаго рукІана ва хутІила ихдалилги ва ихдал бижулеб тІегьхералъулги, хинлъиялъулги гІаламатлъун.



# ХУНЗАХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГИНИЧУКЬ РОСУ



- Дир ралъад гIадинай гъваридай эбел
- Дир гIазул хъан гIадай тIадагьай эбел
- Дир тIогьол щуб гIадай щущарай эбел
- Дир шарил нах гIадай хIеренай эбел
- ..................................................
- Ургъел ккоге дуда дур бесдалаца
- Дур малъараб тезе гьечIо кидаго.




ГIАРАНИБ ШКОЛА

# МОСКВА. ФАЗУ ЦIАЛАРАЙ ИНСТИТУТ



- Дун, гІакороялъул кьурда мугъги чІван
- Кьижараб росулъе ялагьун йиго
- Дун гьаниб сасараб тІабигІаталъул
- СихІ къотІидал ралъдалъ тІерхьулей йиго
- БотІрода таж гІадин, къалъун буго моцІ
- Къвалакь чирахъ гІадин, рекІун, буго цІва
- ЦІадул хенхал гІадин, дир хІатІазда гъоркь
- Релъеда кунчІ буго кунчІ-кунчІиялда
- Дир каранзуниб ракІ эбел-ракьалда
- Рокьул цІеца буго гьалдезабулеб



## ФАЗУ ГIАЛИЕВА ККОЛА ХIАСРАТАЙ, РЕКIЕЛЪ ЦIА БУГЕЙ ГIАДАН. ГЬЕЛЪУЛ БУГЕБ ГУЧАЛЪ, БАХIАРЧИЛЪИЯЛЪ ВА ГЪУНАРАЛЪ БОКЬАРАВ ЧИ ХIИКМАЛЪИЗАВУЛА

- Амма, магIарулай дур доб гIадатлъи.
- ГIумроялъго цадахъ бачана дуца,
- Дун къанагIат щола росулъе гьанже,
- КъанагIатаб талихI гьениб бертинги;
- Амма, магIарулай, дур доб сабурлъи
- Сонаца бахъичо дур беразулъа



## КІУДИЯБ РОКЬИГУН, АДАБ-ХІУРМАТГУН ХЪВАЛЕБ БУГО ФАЗУЦА МАГІАРУЛАЗУЛ, ГЬЕЗУЛ ГІАДАТАЗУЛ, ГІАМАЛ-ХАСИЯТАЛЪУЛ ХІАКАЛЪУЛЪ.

- Дида лъала, духъеги
- Пашманлъидал цIа щвела
- Дихъ бугелда гIемер
- Гьеб гьалагаб букIина
- Гьелъ ахIила дандияб,-
- Дир пашманлъи гIечIого,
- Лъица жаваб кьуниги
- «Мун гуро» янги абун
- Дида лъала духъаги
- Бахъун ина релъи-хъуй
- Релъунел рихьанщинал
- «ТIадагьал» ян кколедухъ.
- Мун лъугьана рагIукъав,
- Жаниве гIенеккарав,
- РекIелъ баккараб канлъи
- Киданиги сунарев

# ФАЗУ ГІАЛИЕВАЛЪУЛ ГІУМРУДУЛ НУХ, ТІЕЙ ГЬЕЧІОГО, БУХЬАРАБ БУГО ВАТІАНАЛДА, ГЬЕЛЪУЛ ИШАЗДА, РОХЕЛАЗДАГИ,КЪВАРИЛЪАБАЗДАГИ:




- Къалъ-къалъун бакъ щолелъул
- Щап-щапун цІад балелъул,
- ЦІур-цІуриялда гьагаб
- Гьури боржанхъулелъул,
- Дур хиялал гьарула,
- Хирияб улка дица....
- Ракълилаб къоялдаги
- Къаси бецІаб сардилъги
- Халатал сапаразда
- Сасараб хІухьбахъуда
- ХІухьел кІалдиб бугогІан
- Канлъи бадиб бугогІан,
- Кийго ва кидаго дун
- Дур мутІигІай яс йиго.

# ДИР АРАБ ГIУМРУЯЛДЕ

- Дир араб гIумруялде
- БухIараб рокьиялде
- КьогIаб щакдариялда
- Щайзе мун валагьулев
- Бералъ пириги пирхун,
- Гъурмал кьерги хисун ун,
- Досул цIар рехсолелъул
- ЩIа щай дуца речIулеб
- Досул гьалагаб рокьул
- Дарсал цIаличелани,
- Дидаги лъалароан
- Гьадинан мун вокьизе
- Досул рекIелъ букIараб
- БухIи бихьичIебани,
- Гьадинаб гьалагаб цIа
- Дица хIехьеларoан.

односельчане.ru



ШагIир Фазу ГIалиевалъул къисмат къанагIатаб ва такрарлъи гьечIеб буго. Такрарлъи гьечIел, хIикматал руго гьейги гьелъул асаралги. КIудияб хIарпалдалъун «**ШАГIИР**» абун хъвала Фазул хIакъалъулъ. Гьелъ киналъулго бицуна.



- Расул ХIамзатов гьечIо, Фазуца 80 сон тIубана. ГIаданлъи ана, гьеб нижер кодосаги унеб буго. Нужеца гьеб ине биччаге, хириял лъимал.

# Нилъер буго цӀакъаб мацӀ, лъикӀаб миллат. РачӀа гьеб цӀунизе!












**БАРКАЛА НУЖОЕ,**
**УЧИТЕЛЬЗАБИ!**
**ЖАКЪА ЛЪИМАЛАЗУЛ**
**ТАРБИЯ-ЛЪАЙ НУЖОДА**
**БАРАБ БУГО: ЭБЕЛ-ЭМЕН**
**ГЬЕЗДА РЕГIУЛЕЛ ГЬЕЧIО.**
**НИЛЪЕР ТАРИХАЛДАСАН**
**ЧIУХIИЗЕ ККОЛЕЛЛЪИ ЛЪАЙ**
**НУЖОДА.**


Дагестан